

## ZOUTI EVALYASYON RISK POU SILA YO KI ANVIZAJE APLIKE POU LISANS

### Kisa k ap pase si m pa gen papye epi m vle kontinye kondi san lisans?

Kondi san lisans (DWOL) se yon bagay ki ilegal epi li gen risk ladan l. Si lapolis arete w epi w pa gen pèmi, ou riske peye yon amann, ou riske pa ka aplike pou lisans alavni, ou riske kondane pou deli minè oswa pran prizon. Li pi fasil pou lapolis arete yon imigran san papye pou DWOL kounye a paske sèvis lisans lan disponib pou yo.

### Nan ka ki pi grav yo, si w pa gen papye epi w pa janm an kontak avèk sèvis imigrasyon pou sa, sa ka koz yo siyale prezans ou bay ICE.

### Epi si w gen yon òdonans depòtasyon dèyè w epi yo arete w pou DWOL, sa ka koz yo reyaktifte pwosedi depòtasyon an.

Si w nan pwosesis pou kat vèt la, plizyè arestasyon pou DWOL pa ta sipoze reprezante yon risk pou w jwenn yon estati imigran, paske sa a pa konsidere kòm yon krim ki ase grav pou l afekte demann ou an.

**KANPE LA**

EPI KONSILTE  
YON AVOKA  
OSWA YON  
ÒGANIZASYON  
KOMINOTÈ

Pou plis enfòmasyon konsènan pwosesis pou aplike epi jwenn yon lisans: <http://tinyurl.com/MADriverslice>  
[nse](#)



**ALE**

### Kisa k ap pase si m pa gen papye epi...

- mwen pa t janm aplike pou yon lisans (oswa pou okenn pyès idantifikasyon nasyonal) anvan sa?
- M ap aplike pou m ka gen estati imigran (kat vèt, azil, elt.)?
- Nan moman an m fè pati yon pwosedi pou depòtasyon?
- M resevwa yon òdonans pou depòtasyon?
- M te kòmanse pwosesis pou m jwenn lisans lan nan Massachusetts oswa nan yon lòt eta, men m pa t fini pwosesis la oubyen m pa t pase tès la?

Lwa nan eta Massachusetts entèdi RMV revele sèvis imigrasyon ou pa gen papye ni pou l ba yo lokalizasyon w. Tout imigran san papye, kèlkeswa estad ou ye nan pwosesis imigrasyon an, ou elijib pou w gen yon lisans nan Massachusetts.

Sa rive pafwa pou RMV siyale gen yon pwoblèm ak yon pyès idantite etranje si l gen difikilte pou l verifye pyès la otantik, menm si ou te itilize yon pyès idantite etranje ki valid. Sa ka rive yo siyale yon pwoblèm san w pa antò tou; si foto ki sou lisans ou an prezante yon resanblans avèk yon lòt moun. Nan ka sa a, w ap resevwa yon lèt pa lapòs k ap fè w konnen gen yon pwoblèm ak lisans ou an oswa lisans ou an bloke. Tanpri konsilte dokiman " Reponn yon Lèt pou Fwod" la pou w konnen kòman pou w reyaji fas ak lèt la epi finalman jwenn yon lisans.

**Kisa k ap pase si m pa gen papye epi m te itilize enfòmasyon yon lòt moun oswa fo dokiman pou m aplike pou yon pyès idantifikasyon eta a, yon lisans, oswa yon plak machin?**

Si w prevwa aplike pou yon lisans epi avan sa a ou te itilize enfòmasyon yon lòt moun oswa fo dokiman pou w te aplike, RMV ap remake sa gras ak pwogrè teknoloji a epi gras ak rekonnenans fasyal.

Nan ka sa a, w ap resewva yon lèt pa lapòs k ap enfòme w lisans ou an entèdi oswa bloke, epi w ap gen pou w peye yon amann.

Si w resewva yon lèt, l ap pi bon si w reponn, espesyalman si w ap aplike pou yon estati imigran (kat vèt, elt).

***Tanpri konsilte dokiman "Reponn yon Lèt pou Fwod" la pou plis enfòmasyon konsènan kòman pou w reponn lèt la epi gen yon potansyèl chans pou w jwenn yon lisans.***

**ATANSYON**

**Kisa k ap pase si m pa gen papye epi m te itilize enfòmasyon yon lòt moun oswa fo dokiman pou m aplike pou yon pyès idantifikasyon eta a, yon lisans, oswa yon plak machin?**

**...EPI mwen gen yon pase kriminèl?**

RMV ap enfòme depatman lapolis eta a, atravè yon baz done, lisans ou an p ap valid ankò; men, selon eksperyans nou, se pa bagay ki rive souvan pou lapolis mennen ankèt sou fwod. **Sila yo ki gen yon pase kriminèl oswa ki gen yon kazye jidisyèl ta kouri pi gwo risk.**

*\* Si gen yon dosye kriminèl kont ou ki pa ko klase oswa ou gen yon manda arestasyon dèyè w epi ou resewva yon lèt paske w te itilize enfòmasyon yon lòt moun nan tan anvan yo, ou dwe pale ak yon avoka konsènan kòman pou w abòde pwoblèm sa yo an menm tan.*

**...EPI m ap aplike pou yon kat vèt?**

Si w nan pwosesis aplikasyon pou kat vèt la epi w resewva yon lèt pou fwod, **sa ka parèt nan yon verifikasyon antesedan sèvis imigrasyon an ap fè** (yo rele l Triple Eye (III)). An teyori sa ka gen enpak sou pwosesis pou w jwenn kat vèt la.

**...EPI mwen resewva yon òdonans depòtasyon?**

Kòm pwosedi odyans RMV a pa yon pwosedi kriminèl, li enposib pou w resewva yon òdonans depòtasyon akòz yon lèt pou fwod. **Men, toujou gen yon minimòm chans pou lapolis ta akize yon moun pou fwod penal.**

